



RANFÒSMAN FANMI IMIGRAN: GID DEFANS OU

Yon Gid Resous pou Fanmi Imigran e
Ki Pale Plizyè Lang nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk



Jen 2024

Ranfòsman Fanmi Imigran



Tab KONTNI

Paj

03

Entwodiksyon

- Apèsi ak objektif gid resous la.
- Remèsiman ki soti nan Biwo Elèv ki Pale Plizyè Lang nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk ak UndocuTeacher.

05

Konprann Pouwva ak Ajans

- Definisyon pouwva ak ajans nan kontèks imigran ak fanmi ki pale plizyè lang.
- Etap pou defans pou fanmi imigran yo.

06

Etap 1: Bati Konesans ak Sansibilizasyon w

- Règleman ak dwa ki gen enpak sou imigran yo ak elèv ki pale plizyè lang yo nan lekòl.
 - Mo, dwa ak règleman imigrasyon
 - Aksè ak Lang
 - Edikasyon Siperyè
 - Fanmi nan lojman tanporè

13

Etap 2: Pratike Ajans Pa Mwayen Angajman

- Metòd pou komunikasyon efikas ak pwofesè yo.
- Opòtinite pou paran ak fanmi yo patisipe nan pwosesis pou pran desizyon.
- Ankouraje konpetans ak entegrasyon kiltirèl nan lekòl ou a.

17

Etap 3: Gen Aksè ak Resous pou Ranfòsman

- Resous pou fanmi imigran yo: aksè ak lang, èd legal, rechèch òganizasyon kominotè, ak plis bagay.
- Konprann angajman fanmi.
- Fèy egzèsis pou siksè angajman fanmi.

20

Etid Sitiyasyon ak Istwa Sikse

- Egzanp fanmi imigran e ki pale plizyè lang ki rive gen aksè ak pouwva ak ajans nan NYCPC.
- Leson ou te aprann ak pi bon pratik ki soti nan eksperyans sa yo.

21

Konklizyon

- Yon lèt pou tout paran imigran yo.

Entwodiksyon

pa gen okenn moun ki kite lakay li sof si lakay li se anndan bouch yon reken ou kouri al nan fwontyè a lè w wè tout vil la ap kouri tou...

ou dwe konprann, pa gen okenn moun ki met pitit li nan yon bato si dlo a pa pi an sekirite pase tè a

Apèsi ak objektif gid resous sa a

Pati sa a nan pwezi ki gen tit "Home" (Lakay) Warsan Shire ekri a pale de eksperyans lè w kite lakay ou pou anpil fanmi imigran ki bezwen anpil kouraj pou yo jwenn sekirite, opòtinite, ak pwogrè.

Fanmi imigran yo vwayaje nan anviwònman yo pa abitye, souvan yo sibi diskriminasyon, obstak nan sistèm nan, ak lòt difikilte, tout sa pandan y ap lite pou yo kreye yon kote ki fè yo santi yo lakay yo ak yon demen pou pitit yo. Grasa aksyon ak sakrifis yo, fanmi imigran yo jwe yon wòl esansyèl nan kreye idantite ak eksperyans pou pitit yo, mansyone pouvwa ak ajans yo nan resi sou imigrasyon ak sa ki fè yo santi yo lakay yo yon fason ki pi laj.

Nan gid sa a, nou eseye onore sakrifis fanmi imigran yo fè epi rekonèt pouvwa esansyèl yo genyen pou bati yo kote pou yo menm ak pitit yo abite. Nou onore divèsite pèsonèl, kiltirèl ak nan lang yo genyen kòm mwayen ak zouti ki nesesè pou fanmi yo se ajan chanjman, kapasite pou dirije, ak defans nan lavi akademik pitit yo kèlkeswa estati yo nan domèn imigrasyon. Nou rekonèt angajman fanmi sipòte siksè jeneral akademik la ak santiman elèv yo genyen kote yo santi yo lakay yo.

Nou envite tout manm fanmi nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo itilize gid sa a pou yo aprann konsènan sa mete tèt ou nan yon pozisyon kòm yon manm aktif ak moun ki pran latèt nan eksperyans akademik pitit ou vle di. Nan gid sa a, w ap jwenn konesans konsènan dwa w genyen antanke fanmi imigran, w ap aprann konsènan diferan fason pou w patisipe nan lekòl pitit ou, e w ap jwenn ide sou fason pou w dirije nan objektif chanjman nan kominote lekòl ou a. Liv sa ki anrasinen nan ide Paul Freire yo fèt pou konfime tout manm nan yon kominote lekòl kòm patisipan aktif nan pwòp aprantisaj yo epi gen kapasite pou devlope konpetans pou analize ak transfòme reyalyte sosyal yo.

Remèsiman



Lekòl Piblik Vil Nouyòk Divizyon Elèv Aprann Nan Plizyè Lang (MLL)

Biwo Elèv Ki Pale Plizyè Lang lan ap travay pou kreye menm posibilite pou tout moun jwenn ansèyman solid ak atant ki nan wo nivo nan yon anviwònman akeyan ki konfime idantite rasyal, kiltirèl, ak nan kesyon lang elèv ki pale plizyè lang e ki se imigran. N ap travay pou nou asire nou elèv yo ka vin lekòl ak vizyon e pou yo santi yo lakay yo epi gradye tou prepare pou siksè nan fakilte, karyè, ak lavi yo.

Doktè Mirza Sánchez- Medias

Chèf Biwo elèv ki Pale Plizyè Lang

Charlene Clarke

Direktè Egzekitif, Sipò Elèv ki Pale Plizyè Lang e ki se Imigran


UndocuTeacher

UndocuTeacher ofri zouti ansèyman, sèvis konsiltasyon, ak devlopman pèsonèl ki fèt pou ranfòse eksperyans aprantisaj elèv imigran, ki pa gen papyè, e ki pale plizyè lang. Sèvis yo pèmèt yon apwòch ki koresponn nan domèn kilti pou ansèyman, konsantre sou devlopman sosyal ak emosyonèl elèv imigran yo ki konsantre sou eksperyans yo viv kòm fòs ak mwayen pou aprantisaj. Biwo Elèv ki Pale Plizyè Lang nan ta renmen remèsye UndocuTeacher pou patenarya solid ak patisipasyon yo nan kreyasyon gid sa a.

Emilia Fiallo

Fondatè UndocuTeacher
Ansyen Pwofesè Lekòl Piblik Vil Nouyòk
Ki pa t gen papyè anvan sa

Konprann Pouvwa ak Ajans



Pouvwa:

Pouvwa se kapasite yon moun, gwoup, oswa enstitisyon pou enfliyanse oswa fè enpak. Plizyè kalite pouvwa ka gen ladan l pouvwa nan domèn ekonomik, sosyal, kiltirèl, ak politik, epi fonksyone kote ki fòmèl (tankou lekòl) ak nan rezo ki enfòmèl (tankou relasyon sosyal ak pratik kiltirèl).



Nan ki fason fanmi imigran yo demontre pouvwa?

Kèlkeswa eksperyans ou nan kesyon imigrasyon, ou gen bonjan fòs ak kapasite pou w konprann, adapte, ak enfliyanse nenpòt nouvo anviwònman. Pouvwa w soti nan:

- Kouraj ou ak kapasite w pou w avanse kèlkeswa difikilte w rankontre.
- Mwayen w gen nan domèn kilti, lyen w gen ak kominote a, ak kapasite pou w kreye epi itilize rezo sosyal.
- Kapasite w pou w kreye pwòp chemen w, jwenn resous, ak kontribiye nan fondasyon sosyal, ekonomik, ak kiltirèl kominote ou vin fè pati a pa mwayen eksperyans ak fason inik ou wè bagay yo.

Ajans

Ajans gen rapò ak kapasite moun genyen pou yo aji yon fason endepandan epi fè pwòp chwa yo yon fason li lib. Se kapasite pou w itilize pouvwa ak enfliyanse sou lavi ak desizyon yon moun, menm nan sitiyasyon kote obstak nan sistèm nan ak blokaj ka fè sa yo bagay ki difisil.

Nan ki fason fanmi imigran yo pratike ajans ?

Fanmi imigran yo pran pwòp desizyon yo epi poze aksyon ki pi byen koresponn ak bezwen ak vizyon yo, menm lè yo rankontre difikilte tankou obstak nan kesyon lang, diferans nan domèn kilti, ak restriksyon legal. Pou fanmi imigran yo, ajans enplike:

- Endepandans: Kapasite pou fè chwa ak desizyon pou fanmi w.
- Ranfòsman: Itilize resous, konesans, ak kapasite pou poze aksyon.
- Reponsablite: Pran responsablite pou konsekans aksyon ak desizyon yon moun.
- Rezistans: Faon pouvwa yo òganize ki difisil e ki pote chanjman ki pa nan avantaj fanmi w.



E kounya: Kijan mwen ka itilize pouvwa ak ajans mwen pou m vin yon defansè?



Etap pou defans pou fanmi imigran yo:

Etap 1: Bati Konesans ak Sansibilizasyon w
Etap 2: Pratike Ajans Pa Mwayen Angajman
Etap 3: Gen Aksè ak Resous pou Ranfòsman

ETAP 1: BATI KONESANS AK SANSIBILIZASYON W

ANTANKE FANMI IMIGRAN NAN LEKÒL PIBLIK VIL NOUYÒK

AKSÈ

Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo pa poze kesyon oswa suiv sitiyaasyon imigrasyon yon elèv oswa moun nan fanmi l. Sitwayen ameriken yo pa oblije enskri nan okenn lekòl piblik vil nouyòk.



Ou dwe konnen ki sa ki Plyler v. Doe, 1982

Plyler v. Doe se yon desizyon Tribinal Siperyè ki bay garanti tout timoun, **kèlkeswa sitiyaasyon yo nan domèn imigrasyon yo, gen dwa pou yo resevwa edikasyon piblik gratis siti nan kindègadenn rive nan 12yèm ane**. Desizyon sa a entèdi lekòl piblik yo pou yo refize enskripsyon pou timoun imigran ki pa gen papyè, ki konfime yo gen dwa pou yo resevwa edikasyon.

KONFIDANSYALITE

Lekòl yo pa ka pataje enfòmasyon pèsònèl ou san konsantman w sof si gen yon manda tribinal pou sa.

FERPA

Lwa sou dwa nan edikasyon ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA)

Ou dwe konnen ki sa ki FERPA a!

Nan kad FERPA, enfòmasyon elèv ak fanmi yo rete konfidansyèl dapre lalwa. Lekòl yo pa ka pataje enfòmasyon pèsònèl ou ak okenn ajans sa gen ladan l ICE (Aplikasyon Imigrasyon ak Dwàn) san konsantman yo, sof si gen yon manda tribinal ki mande sa.

Sa vle di tout enfòmasyon ou pataje ak lekòl ou a rete konfidansyèl, sa gen ladan l:

- dokiman enskripsyon.
- enfòmasyon ki nan aplikasyon nan fakilte pou pitit ou tankou non, adrès, ak plis enfòmasyon.
- enfòmasyon kontak lè gen ijans sa gen ladan l adrès ak non.

ETAP 1: BATI KONESANS AK SANSIBILIZASYON W

ANTANKE FANMI IMIGRAN NAN LEKÒL PIBLIK VIL NOUYÒK

LEKÒL AN SEKIRITE

Otorite pou aplike lalwa
yo ki pa lokal, sa gen ladan

I Immigration and Customs
Enforcement (ICE), pa gen
otorizasyon pou yo antre
nan lekòl, sof si lalwa egzije
sa e apre yo fin wè avoka
lekòl piblik.



SONJE:
Ou KA vizite lekòl pitit
ou a kèlkeswa stati
imigrasyon w!



- Lekòl yo se kote an sekirite pou fanmi imigran yo.
- Lekòl yo PA mande w pou w bay yon pyès idantite eta oswa etazini ba ou.
- Ou ka pote paspò w, kat idantite konsila w, pyès idantite Vil Nouyòk (IDNYC), pyès idantite anplwaye ak foto, kat asistans sosyal ak foto oswa kat etidyan pou w antre antanke envite oswa vizitè.

ETAP 1: BATI KONESANS AK SANSIBILIZASYON W

ANTANKE FANMI KI PALE PLIZYÈ LANG

APWÒCH KI BAZE SOU PLIZYÈ LANG

Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo bay divèsite nan domèn kilti ak lang fanmi ak elèv ki pale plizyè lang yo valè kòm byen pou tout kominote lekòl la.



LEKÒL NAN VIL NOUYÒK YO GEN PLIZYÈ LANG

Pandan ane akademik 2022-2023, **ELL yo nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo kominike nan 150 lòt lang met sou Anglè**. Plis pase 66% nan ELL yo se moun ki pale Espanyòl, apresa se elèv ki pale Chinwa, Arab, Ris, Bengali, Oudou, Kreyòl Ayisyen, Ouzbek, Fransè, ak Ikrenyen.

Kote enfòmasyon an soti: Karakteristik ELL 2022-23 nan yon Apèsi dapre rapò DML

**TÈM POU
W KONNEN
ANTANKE
PARAN
IMIGRAN**



- **Plizyè Lang** - se lè yon moun oswa kominote itilize plizyè lang.
- **Anglè Kòm yon Nouvo Lang (ENL)** se yon pwogram ki fèt pou sipòte ELL yo pou yo devlope kapasite yo nan Anglè.
- **Elèv K ap Aprann Anglè (ELL)** se yon elèv lang matènèl li pa Anglè e ki bezwen plis sipò pou yo rive gen kapasite nan Anglè.
- **Pwogram Edikasyon Ki Fèt Nan De Lang-** Pwogram sa yo, sa gen ladan l Edikasyon nan De Lang ak Tranzisyon Nan De Lang, ede elèv yo pou yo vin elèv ki fò nan Anglè ak nan lang matènèl yo. Pwogram ki fèt nan de lang yo anseye de lang, pandan Edikasyon Tranzisyon Bileng nan fèt pou yon tranzisyon ki fèt tikras pa tikras nan Anglè.

ETAP 1: BATI KONESANS AK SANSIBILIZASYON W

ANTANKE FANMI KI PALE PLIZYÈ LANG

AKSÈ AK LANG

Lekòl yo dwe asire yo fanmi yo resevwa komunikasyon enpòtan lekòl la nan lang yo prefere, sa gen ladan l tradiksyon dokiman ak sèvis entèpretasyon.

Konnen Dwa Aksè Ak Lang Ou

Kominikasyon nan Lang Prefere:

- Fanmi yo gen dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan edikasyon pitit yo nan lang yo prefere, sa gen ladan l tradiksyon dokiman enpòtan ak aksè ak sèvis entèpretasyon.

Rapò sou pwogrè:

- Paran yo gen dwa resevwa rapò regilye sou pwogrè pitit yo nan aprantisaj Anglè ak lòt matyè akademik yo, ki kominike nan lang yo prefere.

OPSYON LANG

Lekòl yo dwe bay sèvis Anglè kòm yon Nouvo Lang (ENL) tankou Pwogram Edikasyon ki Fèt nan De Lang pou tout elèv k ap devlope kapasite yo nan lang Anglè a.

Konnen Dwa Aksè Opsyon Lang Ou

Sèvis Sipò nan Lang:

- PaRan yo gen dwa pou yo evalye pitit yo pou kapasite nan lang Anglè e pou resevwa sèvis sipò nan lang, tankou Anglè kòm Nouvo Lang (ENL) ak pwogram Edikasyon ki Fèt nan De Lang.

Chwa Pwogram:

- Paran yo gen dwa pou yo chwazi pami pwogram sipò lang ki disponib yo (pa egzanp Edikasyon ki Fèt nan De Lang, Tranzisyon nan De Lang ENL) pou pitit yo epi resevwa enfòmasyon detaye konsènan chak opsyon pwogram.

Patisipasyon nan lekòl la:

- Paran yo gen dwa pou patisipe nan tout aktivite ak rankont lekòl la ki gen rapò ak edikasyon pitit yom pandan yo bay asistans nan kesyon lang.

ETAP 1: BATI KONESANS AK SANSIBILIZASYON W

AKSÈ AK FAKILTE AK KARYÈ POU TIMOUN YO

AKSÈ AK FAKILTE

Elèv ki pa gen papye ka ale nan fakilte kèlkeswa stati imigrasyon yo.

FANMI KI GEN STATI DIFERAN

Elèv ki fèt Etazini yo ka ale nan fakilte menm si paran yo pa gen papye.

ÈD FINANSYE

Gen sipò finansye ki disponib pou elèv ki pa gen papye yo peye pou edikasyon yo!

Enfòmasyon pou Elèv Ki Pa Gen Papye:

- **Elèv ki pa gen papye yo pa kalifye pou èd finansye gouvènman federal la**, sa gen ladan l sibvansyon, prè, ak pwogram travay-etid.
- **Elèv ki pa gen papye nan Nouyòk yo gen aksè ak èd finansye eta a pa mwayen Lwa DREAM eta Nouyòk la**, sa ki pèmèt yo aplike pou plizyè kalite èd, sa gen ladan l:
 - Pwogram èd pou peye kolèj (Tuition Assistance Program, TAP)
 - Bous etid Excelsior: Peye lekòl pou elèv ki kalifye ki nan
 - lekòl SUNY oswa CUNY yo.
 - Enhanced Tuition Awards (ETA): Bay èd pou peye lekòl pou elèv yo ale nan fakilte prive nan Nouyòk.
 - Pou elèv yo aplike, yo dwe ranpli aplikasyon Lwa DREAM NYS la anliy epi ranpli kondisyon yo.
- **Elèv ki pa gen papye nan Nouyòk yo ka kalifye pou pri fakilte ak inivèsite piblik nan eta yo si yo ranpli kèk kondisyon**, sa gen ladan l:
 - Yo dwe te nan lekòl segondè nan Nouyòk pandan de ane ki sot pase yo e yo dwe te gradye nan yon lekòl segondè nan Nouyòk, oswa yo dwe resevwa GED nan Eta Nouyòk.
 - Yo dwe enskri nan yon fakilte oswa inivèsite Nouyòk nan espas senk an apre yo fin resevwa diplòm segondè oswa GED yo.
 - Yo dwe depoze yon deklarasyon ak fakilte oswa inivèsite a ki di y ap aplike pou rezidans legal kou yo kalifye pou yo fè sa.

Pou timoun ki fèt Etazini nan fanmi ki gen stati diferan:

- **Kalifikasyon pou Èd Federal:** Si elèv la se yon sitwayen amerike oswa yon moun ki pa sitwayen ki kalifye, li ka ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Finansye pou Elèv (FAFSA) ki se yon fòmilè elèv yo itilize pou yo aplike pou èd finansye federal kèlkeswa stati imigrasyon paran yo.
- Nou ankouraje fanmi yo pou yo ale sou <https://studentaid.gov/h/apply-for-aid/fafsa> pou dènye enfòmasyon, epi verifye ak konseye fakilte pitit ou pou sipò.

ETAP 1: BATI KONESANS AK SANSIBILIZASYON W FANMI NAN LOJMAN TANPORÈ

Elèv ki nan lojman tanporè yo gen ladan yo jèn ak fanmi ki:

- Viv nan plizyè kay (ak zanmi oswa fanmi paske yo pa ka jwenn oswa peye lojman)
- Viv nan yonabri pwovizwa oswaabri tranzisyon,
- Ap viv nan yon otèl/motèl,
- Ap viv nan yon machin, bis oswa tren,
- Ap viv nan yon pak oswa plas piblik, oswa
- Ap viv nan yon bilding ki abandone
- Jèn ki pa gen moun ki akonpaye yo ki pa nan men yon paran oswa responsab konsidere tou, ki gen ladan l moun ki:
 - kouri kite kay yo,
 - yo met deyò lakay yo
 - paran yo abandone yo.

Kote enfòmasyon an soti: Elèv Lekòl Piblik Vil Nouyòk ki nan Lojman Tanporè

LWA MCKINNEY-VENTO

Elèv ki nan lojman pwovizwa yo gen dwa, sa gen ladan l dwa pou yon edikasyon ki gratis, yon dwa pou transpò ak plis.

Elèv ak fanmi ki tonbe nan kad Lwa McKinney-Vento la akòz sitiyaasyon lojman tanporè yo gen dwa ak sipò ki annapre yo:

- Yon edikasyon piblik gratis.
- Enskripsyon imedya nan lekòl ki nan zòn nan, depi gen plas ki disponib.
- Ale lekòl kèlkeswa kantite tan y ap viv nan adrès yo abite nan moman an.
- Rete nan lekòl yo te ye avan an (lekòl yo te ye avan yo vin pa gen kote pou rete a oswa dènye lekòl yo te konn ale a) oswa deside ale nan nouvo lekòl sektè yo fenk abite a.
- Sèvis transpò pou alevini ant lakay yo ak lekòl la.
- Pou yo pa refize admèt yo lekòl imedyatman jis poutèt sitiyaasyon yo oswa poutèt yo pa gen dokiman yo mande pou enskripsyon.
- Pou yo pa mete yo apa nan lòt pwogram ki pa pwogram regilye lekòl la poutèt yo se sanzabri.
- Resevwa manje lekòl gratis.

Kote enfòmasyon an soti: Elèv Lekòl Piblik Vil Nouyòk ki nan Lojman Tanporè

ETAP 1: BATI KONESANS AK SANSIBILIZASYON W FANMI NAN LOJMAN TANPORÈ




FANMI KI PA GEN PAPYE

Fanmi imigran ki pa gen papye yo ka jwenn anpil sèvis vil la bay, kèlkeswa stati.

Kèlkeswa Stati nan Domèn Imigrasyon Ka Gen Aksè ak:

- Asirans ki ba pri oswa ki gratis
- Manje maten oswa manje midi gratis
- Yon pyès idantite vil la grasa IDNYC
- Manje ki soti nan bifèt la ak nan kizin kominote a
- Pwogram ranfòsman ete pou NYC

Kote enfòmasyon an soti:: Elèv ki Nan Lojman Tanporè Gid Resous



SANT BYENVENI POU FANMI

Sant akèy, travayè sosyal lekòl la, ak resous anliy ba w sipò lokal pou w ka jwenn èd.

RESOUS ENPÒTAN:

- Sant Akèy pou enskripsyon:
 - <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers>
- Kontakte **travayè sosyal lekòl la** pou sipò pou jwenn resous enpòtan konsènan lojman, avantaj piblik, transpò, ak aksè ak manje.
- **Gid Prensipal pou Elèv ki Nan Lojman Tanporè:**
 - sth.cityofnewyork.us/

ETAP 2: PRATIKE AJANS PA MWAYEN ANGAIJMAN

- METÒD POU KOMINIKASYON EFIKAS AK PWOFESÈ YO
- OPÒTINITE POU PARAN AK FANMI YO PATISIPE NAN PWOSESIS POU PRAN DESIZYON
- ANKOURAJE KONPETANS AK ENTEGRASYON KILTIRÈL NAN LEKÒL OU A

Fanmi, pwofesè,
ak manm nan
kominote a se
patnè esansyèl
nan ankouraje
siksè elèv la.

Nan sant ekip sa a
gen elèv la ki gen
yon fanmi ki enfòme,
angaje, e ki prezan.

Angajman lekòl la
sanble diferan pou tout
fanmi. Itilize ajans ou
pou w konnen pi bon
fason pou w enplike
ki mache pou ou ak
pitit ou.

Pratik #1

Rete pare pou yo
reyaji e rete an
kominikasyon ak pitit
yo ak pwofesè yo.

Pratik #2

Rete prezan epi yon
kote yo ka wè w nan
lekòl pitit ou.

Pratik #3

Bay kòmantè epi pataje
ide w ak lekòl pitit ou.

Sonje stati imigrasyon
w ak kapasite pou w
pale lang pa yon obstak
pou w rete enplike nan
lekòl pitit ou a!

ETAP 2: PRATIKE AJANS PA MWAYEN ANGAIJMAN

Mete enfòmasyon pou yo kontakte w ajou

Asire w enfòmasyon kontak pou lè gen ijans la ajou lè w mete detay ou ajou nan direksyon lekòl pitit ou a.

pale avèk koòdonatè paran nan lekòl la

Chèche konnen responsab paran nan lekòl pitit ou a pou èd ak enfòmasyon konsènan pwogram, resous, fòmasyon, evènman, ak opòtinite pou w patisipe.

Pratik #1: Rete pare pou yo reyaji e rete an kominikasyon ak pitit yo ak pwofesè yo



Kont lekòl vil nouyòk (New York City Schools)

Aplikasyon NYC Schools Account (NYCSA) a ede w suiv edikasyon pitit ou lè w bay aksè ak nòt yo, prezans, orè, ak plis bagay.

Kominikasyon ak Fanmi yo

Pwofesè yo ak anplwaye lekòl la ap kontakte pa telefòn, tèks, ak/oswa imel. Asire yo kominikasyon yo nan lang ou. Kontakte lekòl la si w bezwen èd pou tradiksyon.

RESSOUS:

- Si w bezwen jwenn enfòmasyon pou w kontakte yon anplwaye lekòl presi, sa gen ladan l responsab paran an nan lekòl pitit ou a, ale sou <https://schoolsearch.schools.nyc/> epi antre non lekòl la.
- Asire w ou gen yon kont New York City Schools. Ale sou <https://www.schoolsaccount.nyc/> pou w ouvri yon kont nan lang ou.

KONSÈY:

Al wè yon zanmi! Si w konfime tout mwayen kominikasyon yo ak lekòl ou a, di zanmi w yo pou yo suiv menm etap yo pou yo rete enfòme antanke yon kominote!

ETAP 2: PRATIKE AJANS PA MWAYEN ANGAJMAN

Patisipe nan Rankont ak Evènman Lekòl la

Enplike nan evènman lekòl la, tankou soti ki fèt pou vizite, asistans nan klas la, oswa aktivite lekòl la, pou montre enplikasyon, opinyon w ak sipò w.

Patisipe nan yon Gwoup & Kominote Paran an Dirije

Viv yon manm aktif nan Asosyasyon Paran-Elèv oswa lòt kominote lekòl la pou desizyon ak aktivite lekòl la, kèlkeswa kapasite l nan lang.

Ale nan konferans paran-pwofesè

Toujou patisipe nan rankont ak pwofesè pitit ou pou w rete enfòme konsènan pwogrè epi rezoud nenpòt enkyetid ki genyen. Lekòl la dwe bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.

Pratik #2: Rete prezan epi yon kote yo ka wè w nan lekòl pitit ou.



Vizit Nan Lekòl la Regilyèman

Vizite lekòl la detanzantan pou pale ak anplwaye ak pwofesè yo, ki montre enterè nan edikasyon ak byennèt pitit ou a.

RESOUS:

- Konnen dat enpòtan nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo nan kalandriye akademik la: <https://www.schools.nyc.gov/calendar>

Konsèy: Èske w te poze pwofesè pitit ou a kesyon sa yo?

- Kisa pou pitit mwen atann li l ap aprann nan nivo klas sa a e sou ki gwo pwojè y ap gen pou yo travay?
- Nan ki sans pitit mwen an reponn ak atant nan kesyon lang ak nivo klas la pandan ane akademik la?
- Kisa pitit mwen an fè byen ak nan kisa li gen difikilte?
- Ki resous ki disponib si pitit mwen an bezwen plis èd oswa vle aprann plis lè l pa nan klas la?
- Kijan m ka kontakte nou si m gen nenpòt kesyon?

ETAP 2: PRATIKE AJANS PA MWAYEN ANGAJMAN

Opinyon w Konte

Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo fè efò lè paran elèv yo enplike epi pataje yon ide inik ki enfòmè sistèm pwogram ak sipò pou elèv imigran yo.

Kominike Konsènan Bezwen Pitit ou a

Enfòmè pwofesè w la ak anplwaye lekòl la konsènan bezwen presi, metòd aprantisaj, oswa detay kiltirèl ki ka ede yo pran sipòte pitit ou a.

Pratik #3: Bay kòmantè epi pataje ide w ak lekòl pitit ou a

Reponn Fòmilè Sondaj Lekòl la ak Kòmantè yo:

Patisipe nan nenpòt sondaj oswa opòtinite pou fè kòmantè lekòl la bay pou bay opinyon ak pwopozisyon.

Bati Pwòp Espas ou

Si lekòl ou a pa itilize resous yo pou sipòte bezwen w nan kesyon lang oswa pou fasilite enplikasyon w, kreye yon sistèm sipò ki gen lòt paran ak pwofesè ki pare pou defann chanjman pou asire yo opinyon paran yo konte e yo konsidere yo.



RESOUS:

- Enplike kote nou bezwen opinyon w:
 - Pou defann elèv yo ak fanmi yo, antre nan yon Asosyasyon Paran:
<https://www.schools.nyc.gov/get-involved/families/parent-associations>
 - Pou ankouraje enklizyon ak divèsite, antre nan yon Komite Byennèt Lekòl la:
<https://www.schools.nyc.gov/get-involved/families/school-wellness-councils>

KONSÈY:

Si w remake yon bagay nan lekòl ou a ou ta vle chanje, reflechi sou yon konpayon oswa yon moun nan ekip la ki ka ede w. Pataje enkyetid ou avè yo, fè suivi, epi rete angaje pou rezoud pwoblèm nan ansanm antanke yon ekip akademik.

ETAP 3: GEN AKSÈ AK RESOUS POU RANFÒSMAN

SÈVIS AKSÈ NAN LANG

Lekòl leta Vil Nouyòk pale lang ou pale a! Fanmi yo ka mande sèvis lang. Aprann plis: schools.nyc.gov/school-life/school-environment/hello



INIVÈSITE PARAN LEKÒL PIBLIK VIL NOUYÒK:

Inivèsite Paran fè efò pou edike ak ranfòse fanmi yo antanke paran, defansè, ak pwofesè pandan tout lavi a nan edikasyon elèv yo a pa mwayen kou gratis, resous, evènman. ak aktivite. Enskri: parentu.schools.nyc



ÒGANIZASYON KOMINOTÈ

Òganizasyon kominotè ki ede Elèv ki pale plizyè Lang e ki imigran: bit.ly/DMLCBO



APRANN ANGLÈ GRATIS

We Speak NYC (WSNYC) se pwogram aprantisaj ak konvèsasyon pou granmoun nan vil la ki gratis Biwo Kesyon Imigran Majistra (MOIA) a kreye epi mete sou pye. Ale sou: nyc.gov/wespeaknyc



ÈD LEGAL IMIGRASYON

Kat IDNYC se yon dokiman moun ka jwenn e ki sekirize ki ka pèmèt ou jwenn sèvis Vil la genyen epi antre nan bilding Vil la ki bay piblik la sèvis. Ale sou: nyc.gov/site/idnyc/index.page

Imigran ki pa gen papyè ki abite nan Eta Nouyòk yo ka aplike pou yon lisans chofè nòmal oswa yon pyès idantite ki pa pou chofè. Ale sou: dmv.ny.gov/



ÈD LEGAL IMIGRASYON

Vil Nouyòk ofri èd legal gratis, ki an sekirite pa mwayen òganizasyon kominotè moun fè konfyans nan plizyè lokal tankou etablisman sante, lekòl, ak bibliyotèk. Sèvis yo disponib nan lang ou kèlkeswa stati imigrasyon w. Rele Liy Dirèk pou Sipò Imigrasyon MOIA a nan 800- 354-0365, oswa 311 epi di "ActionNYC," soti 9AM rive 6PM, lendi pou rive vandredi.



YON EGZANP ENPLIKASYON FANMI AN

Fanmi imigran e ki pale plizyè lang yo gen pouvwa ak ajans pou kreye chanjman pozitif nan lekòl yo lè yo pwofite sansibilizasyon dwa yo ak resous ki disponib yo. Lè w konprann dwa w e w itilize resous ki disponib yo, fanmi yo ka dirije pwojè pou chanjman yo ak konfyans. Sa asire nou lè se lè pou defann amelyorasyon nan lekòl pitit ou, ou ka fè sa ak konfyans ak konesans, kèlkeswa obstak nan kesyon lang oswa stati nan domèn migrasyon. Lekòl yo dwe kote tout fanmi yo santi yo lakay yo e yo gen mwayen pou yo fè ladiferans.



FÈY EGZÈSIS POU SIKSÈ ANGAJMAN FANMI

Òganize tèt ou lè w ranpli fèy travay ki fèt pou ede w itilize resous ou yo, konesans, ak zouti ki nesèsè pou w santi w gen konfyans pou w itilize vwa w antanke moun ki fè pati kominote a.

Non lekòl la: _____

Enfòmasyon Enpòtan Lekòl la pou w konnen:

- ☐ Non responsab paran nan lekòl mwen an: _____
- ☐ Enfòmasyon kontak responsab paran yo: _____
- ☐ Non Responsab oswa Pwofesè ENL _____
- ☐ Enfòmasyon pou Kontakte Non Responsab oswa Pwofesè ENL: _____
- ☐ Non ak nimewo telefòn yon paran nan lekòl la ak zanmi: _____


Lis bagay ki gen pou fèt pou ane akademik la

- ☐ Mete ajou enfòmasyon kontak nan biwo prensipal la
- ☐ Konekte omwen ak youn nan pwofesè pitit mwen an
- ☐ Kreye yon kont NYC Schools
- ☐ Ale nan yon evènman pou sipòte pitit mwen an (pèfòmans, prezantasyon, oswa jwèt)
- ☐ Resevwa komunikasyon lekòl la voye nan lang mwen (imel, tèks, oswa apèl telefòn)
- ☐ Fè yon nouvo zanmi ak yon paran ki gen menm pase avè w
- ☐ Prezante tèt mwen bay responsab paran yo
- ☐ Ale nan Rankont Paran ak Pwofesè nan prentan
- ☐ Patisipe nan omwen yon evènman paran pou rankontre ak pwofesè yo nan kòmansman ane lekòl la
- ☐ Pataje kòmantè ak lekòl la nan yon sondaj omwen yon fwa pa ane
- ☐ Patisipe nan rankont paran ak pwofesè nan otòn
- ☐ Vin fè pati yon asosyasyon oswa komite paran ap dirije

Òganizasyon Kominotè:

- ☐ Sèvis Imigrasyon: _____
- ☐ Sipò Lojman: _____
- ☐ Legliz Lokal: _____
- ☐ Sipò Sante Mantal: _____

Etid Sitiyasyon ak Istwa Sikse



FANMI FIALLO

- Nou se yon fanmi imigran ki soti Ekwatè
- Nou te gen 2 timoun nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk
- Nou pale Espanyòl

Difikilte nou te rankontre:

Nou pa t konnen nou te ka gen aksè ak lekòl pitit nou an e nou souvan pa patisipe nan rankont paran ak pwofesè yo. Nou te santi nou dekonekte ak lekòl la e lè l te lè pou pitit fi m nan aplike pou fakilte, nou pa t ka ede yo paske nou pa t konn fason pou n pale ak lekòl la.

Solisyon ak pwoblèm nou yo

Konseye fakilte elèv nou an dekouvri dout konsènan fakilte lè pitit mwen te chèche èd. Nou te rankontre konseye a lè pitit fi m nan te jwenn yon bous etid pou kòmanse karyè fakilte l. Nou pa t konnen elèv ki pa gen papyè yo te gen opsyon.

Fòs nou

- Lafwa nou
- Lanmou nou pou timoun nou yo
- Maryaj nou
- Lanmou nou pou fè manje!

Pastan nou

- Piknik jou vandredi nan pak la
- Jwèt foutbòl nan wikenn nan

**Leson ou
te Aprann**



Fanmi Fiallo a pa t oblije pataje stati imigrasyon yo pou resevwa sipò nan men konseye fakilte a. Chak lekòl dwe asire yo tout paran yo gen enfòmasyon konsènan resous ki disponib nan lang yo. Fanmi Fiallo trase yon egzanp, ki fè konseye fakilte a konnen gen plis fanmi ki pa gen papyè e ki gen stati diferan ki nan menm sitiyaasyon an. Fanmi Fiallo dwe selebre defans yo, sa ki asire yo resous sa yo pataje ak tout fanmi yo alavni.

Etid Sitiyasyon ak Istwa Sikse



FANMI BHUIYAN-MORALES

- Nou se yon fanmi ki gen stati diferan ki soti nan fanmi Sidès Azi ak Meksik
- Nou gen 2 timoun nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk
- Nou pale Bengali, Espanyòl ak Anglè

Difikilte nou te rankontre:

Ak pi gran pitit nou an, lekòl la gen difikilte pou yo kominike alavams avè nou. Pi gwo enkyetid mwen se te move konpreyansyon nan domèn kilti pitit mwen an te viv nan lekòl sa a. Nou planifye yon rankont ak direksyon an, konseye oryantasyon an, pwofesè, moun k ap ankadre pou konesans, ak terapet atizay la. Mwen te pote yon lis enkyetid ak pwòp pwopozisyon m, pou m defann sa m te konnen ki t ap pi bon pou pitit mwen. Ak èd konseye oryantasyon an, nou devlope yon plan. Li te mache, e nou te wè gwo amelyorasyon nan konpòtman pitit mwen, men mwen pa fè lekòl la konfyans ankò.

Fòs nou

- Nou transparan e nou onèt nan kominikasyon youn ak lòt. Nou pran desizyon ansanm antanke yon fanmi.

Pastan nou

- vwayaje
- eseye plizyè jwèt
- tablo manje ak imaj ki fèt an pyès.
- gade fim ansanm
- danse mizik lè nou estrese


Solisyon ak pwoblèm nou yo

Konseye lekòl la te ede nou konprann opsyon nou genyen. Antanke yon fanmi, nou te deside chèche lekòl yon fason ki konplè epi nou akespte pafwa yon lekòl ka pa bon lekòl la pou nou. Nou vin wè li enpòtan pou konnen lè se moman pou transfere nan yon lekòl kote y ap konprann pitit nou an. Kounye a, mwen konnen mwen gen pouvwa pou m pale. Mwen aprann pou m konsève tout sa k te di nan konvèsasyon ak echanj, e pou m vin tou pare nan rankont yo ak prèy ak solisyon.

**Leson ou
te Aprann**



Fanmi Bhuiyan-Morales te gen pou yo pran desizyon ki difisil. Li esansyèl pou fanmi yo kominike enkyetid yo ak lekòl la, garanti responsablite pou toude pati yo. Si w bezwen sipò lang pou rankont yo, lekòl la gen obligasyon bay. Antanke yon fanmi imigran, ou gen dwa pou w pale de pwogrè akademik pitit ou ak lekòl la san w pa pè revanj. Li enpòtan tou pou w mande espesyalis èd si w bezwen plis enfòmasyon. Fanmi Bhuiyan-Morales la te jwenn sipò lè yo te konsilte yon sikològ ak yon terapet sante mantal pou timoun. Yo se pi bon defansè timoun.



Yon lèt pou tout paran imigran yo

Pa gen okenn gid ki ka anseye yon paran pou l vin djanm e pou l gen rezistans lè y ap fè fas ak gwo chanjman nan lavi a yon fanmi ap rankontre lè yo chanje peyi. Pa gen okenn gid ki bay tout etap pou w enstale nan yon nouvo peyi lwen fason lakay ou fèt pandan w ap leve timoun tou, w ap kenbe travay, ak aprann yon nouvo kilti ak lang. Anpil nan nouvo eksperyans sa yo ap difikilte men menm jan sa konn ye anvan sa, w ap rive fè fas ak difikilte sa yo pou jou ki pi bèl. Lè w se yon paran imigran nan Vil Nouyòk sa pa fasil, men ou pa oblije nan sa poukont ou. Yon pati nan pouvwa tout imigran yo gen lakay yo se kapasite pou yo bati yon kominote ak rezo sipò pou asire yo tout moun nan swen.

Kominote se yon bagay esansyèl pou fè fas ak difikilte. Nou se pouvwa nan kominote a.

Pandan difikilte ap prezante chak jou, sonje ou gen pouvwa ak ajans pou w konte sou tèt ou, kominote w, ak resous pou w kreye lavi ou te reve viv isit la nan nouvo kay pou fanmi w. Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo pran angajman pou yo espas ki an sekirite pou fanmi imigran yo, kote yo konsidere fanmi imigran yo kòm moun ki gen enpòtans ki chaje ak divès lang, ide, kilti, ak plis. Kounye a se moman, pou ou menm, antanke paran oswa responsab asire w lekòl pitit ou ap travay pou vizyon kolektif sa a.

